

## **METÒD POU FÈ YON KONTESTASYON: Moun ak Fanmi:**

Objektif NY State of Health se pou ede ou ak fanmi ou jwenn asirans sante ou kapab peye. Yon fason nou fè sa se lè nou ba ou yon chans pou achte plan sante ki admisib. Pafwa ou kapab menm jwenn èd pou peye pou pwoteksyon sa a.

Yon lòt pati djòb nou se deside si ou satisfè kondisyon pou antre nan pwogram gouvènman an tankou Medicaid oswa Child Health Plus. Pwogram sa yo pèmèt ou jwenn swen sante pou ou oswa pou pitit ou pou pri ki ba.

Pou fè djòb nou, NY State of Health dwe pran anpil desizyon sou fason sitiyasyon ou adapte avèk règ yo pou pwogram swen sante sa yo. Pafwa, ou p ap dakò avèk desizyon nou pran yo. Lè sa rive, ou kapab mande nou pou re-konsidere ak chanje desizyon nou pran an. Kalite demann sa a rele yon “kontestasyon.”

Règ pou konteste nenpòt nan desizyon nou yo rele **Pwosesis Kontestasyon: Moun ak Fanmi**.

### **Desizyon ou kapab konteste**

- Desizyon ki endike ou pa satisfè règ pou achte yon plan sante pou tèt ou oswa fanmi ou nan Marketplace. Egzanp: Ou p ap viv nan Eta New York, oswa ou nan prizon.
- Desizyon ki endike ou pa satisfè règ pou resevwa èd federal pou peye pou yon plan sante yo vann nan Marketplace.
- Desizyon sou kantite lajan ou dwe peye pou prim asirans ou chak mwa si ou te aplike pou èd finansye.
- Desizyon ki endike ou pa satisfè règ pou pwoteksyon anba Medicaid oswa Child Health Plus.
- Desizyon sou kantite lajan ou dwe peye pou pwoteksyon asirans nan Child Health Plus si pitit ou yo kalifye pou pwogram sa a.

- Desizyon ki endike ou pa satisfè règ pou enskri pou asirans nan Marketplace pandan yon “peryòd enskripsyon espesyal.”
- Desizyon Marketplace pran anreta. Egzanp: Ou pa t resevwa yon avi pou fè ou konnen si ou satisfè règ yo pou pwoteksyon Medicaid *nan 45 jou ki obligatwa yo.*
- Desizyon pou chanje nenpòt desizyon Marketplace te pran anvan.
- Desizyon ki endike demann kontestasyon ou pa valab.

## Fason pou fè yon kontestasyon nan NY State of Health

Ou kapab mande yon kontestasyon

**Nan telefòn:** 1-855-355-5777

**Nan faks:** 1-855-900-5557

**Pa Lapòs:** NY State of Health, P.O. Box 11729, Albany, NY 12211

### **Nenpòt fason ou chwazi, demann kontestasyon ou dwe**

1. Dwe bay ID Kont Marketplace ou ak Dat Avi nou te voye ba ou pou fè ou konnen desizyon ou vle konteste a oswa dat ou fèt ak nimewo sekirite sosyal ou oswa lòt enfòmasyon ki pou idantifye ou si ou pa t resevwa avi nou te voye ba ou a. Ou kapab jwenn ID Kont Marketplace ou toupre anlè avi Marketplace ou. Li kòmanse avèk “AC.”
2. Voye nan **60 jou almannak apre dat ki nan Avi sa a.**
3. Fè nou konnen pou kisa ou panse nou ta dwe chanje desizyon sa a.
4. Bay dokiman, pa faks oswa pa lapòs, pou kore rezon ou (yo).
5. Endike aklè si ou vle pou nou travay pi vit sou pwosesis kontestasyon ou akòz pwoblèm medikal ou.

Depi nan kòmansman pou rive nan finisman, yon pwosesis kontestasyon nòmal ap pran 90 jou.

N ap pran desizyon sou yon kontestasyon rapid pou ou san pèdi tan.

### **Akselerasyon kontestasyon ou**

**Nan demann ou, ou dwe di pou kisa ou bezwen nou travay pi vit sou li.** Pa egzanp, si sante ou ka vin pi grav avèk kantite tan nòmal pou tann yon odyans, ou ta dwe mande nou pou nou travay pi vit sou pwosesis la. Ou dwe voye yon nòt doktè ou ban nou pou kote rezon ou (yo) pou nesesite pou nou travay pi vit sou Kontestasyon ou.

**Si nou aksepte demann rapid ou,** n ap fikse yon dat pou Odyans ou nan Telefòn san pèdi tan.

**Si nou bay refi pou demann rapid ou, n ap fè ou konnen, alekri, pou kisa nou te ba ou refi pou li.** N ap fè ou konnen tou kilè n ap fè Odyans nan Telefòn nan ak tout dwa ou genyen nan Odyans nan Telefòn nan.

### **Fason pou konsève pwoteksyon sante ou pandan pwosesis kontestasyon an**

#### ***Si ou gen pwoteksyon asirans nan Medicaid...***

...pwoteksyon swen sante ou ap kontinye pandan pwosesis kontestasyon an toutotan ou mande yon kontestasyon nan limit **10 jou apre dat Avi a ki te sispann oswa ki te redui pwoteksyon asirans ou nan Medicaid.** Ou kapab konteste desizyon sa a nan dèle 60 jou ki vini apre dat Avi a, men pwoteksyon an ap sispann si ou fè kontestasyon an apre 10 jou ki vini apre dat Avi a.

#### ***Si ou gen pwoteksyon asirans nan nenpòt lòt plan sante ou achte nan Marketplace...***

...pwoteksyon swen sante ou ap kontinye pandan pwosesis kontestasyon an toutotan ou mande yon kontestasyon nan limit 60 jou apre dat Avi a desizyon w ap konteste a.

## Fason pou Rive nan Nivo Odyans lan ...Vatevyen ki gen nan pwosesis kontestasyon an

| <b>OUMENM...</b>  | <b>NY State of Health / NOU...</b>   |
|---|--|
| <b>OU</b> voye demann kontestasyon an   | <b>NOU</b> voye yon avi ba ou pou fè ou konnen nou te resevwa demann ou. Si ou te fè demann ou nan limit 60 jou yo epi pou yon desizyon ou kapab konteste ( <i>gade paj 1</i> ), n ap pran yon dat pou Odyans lan.<br><br><b>oswa</b><br><br><b>NOU</b> ap voye yon Avi ba ou si nou pa aksepte demann ou.                       |
| <b>OU</b> voye plis enfòmasyon ban nou pou “geri” oswa rezoud pwoblèm nan avèk demann ou.                                   | <b>NOU</b> aksepte enfòmasyon ou yo kòm enfòmasyon ki ase pou rezoud pwoblèm nan epi nou fikse yon lè pou Odyans lan.<br><br><b>oswa</b><br><br><b>NOU</b> anile demann kontestasyon ou si nou pa panse enfòmasyon ou bay yo ase (Avi pou Fè Konnen Anilasyon). N ap fè ou konnen kijan desizyon nou an ap afekte swen sante ou. |
| <b>OU</b> voye plis enfòmasyon ban nou pou rezoud pwoblèm nan avèk demann ou.   | <b>NOU</b> anile demann kontestasyon ou (Avi pou Fè ou Konnen Anilasyon). N ap fè ou konnen kijan desizyon nou an ap afekte swen sante ou.   |
| <b>OU</b> ban nou yon “rezon valab” pou anile oswa “kite” anilasyon nou Egzanp: maladi oswa yon bagay ki depase kontwòl ou. | <b>NOU</b> aksepte rezon ou epi nou anile anilasyon an. Answit nou pran yon dat pou Odyans lan.<br><br><b>oswa</b><br><br><b>NOU</b> voye yon Avi ba ou si nou pa aksepte demann ou.   |

## Nan Odyans Kontestasyon yo

*W ap fè nou tandè dosye ou pou rezon ki fè nou ta dwe chanje desizyon nou. Ou ta dwe fakse oswa imèl nou dokiman ki kore dosye ou. Yon Ofisye Odyans san Patipri, ki pa t janm patisipe nan desizyon yo sou dosye ou, ap pran yon desizyon.*

*L ap gen aplikasyon Marketplace ou ansanm avèk dokiman ak enfòmasyon ou te bay avèk kontestasyon ou. Ofisye Odyans lan dwe anrejistre tout sa ki di nan Odyans lan. Nan pifò ka yo, nan de (2) oswa twa (3) semèn apre Odyans lan, Ofisye Odyans lan ap revize dosye a epi l ap prepare yon Desizyon. L ap eksplike desizyon an ak fason li afekte pwoteksyon swen sante ou ak pwoteksyon swen sante fanmi ou.*

*Desizyon an ap fè ou konnen kijan pou konteste Desizyon an avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) epi/oswa fason pou fè yon pwosè si ou pa dakò avèk Desizyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou konteste yon Desizyon yo pran nan Odyans lan, ale sou sitwèb <https://www.healthcare.gov> oswa kontakte Asosyasyon Bawo Konte kote w ap viv la, Legal Aid Society, Legal Services, elatriye.*

## Kèk enfòmasyon enpòtan sou Pwosesis Kontestasyon NY State of Health

- Ofisye Odyans lan ap rele ou ak lòt moun ki patisipe nan odyans lan. Ou ta dwe reponn apèl la yon kote ki pa gen bwi ditou.
- Ou ka gen yon moun avèk ou pandan Odyans nan Telefòn nan pou ede ou fè dosye ou — yon moun nan fanmi ou, yon zanmi ou, yon avoka, elatriye. Si yon avoka ede ou oswa si yon lòt moun reprezante ou nan odyans ou, nou bezwen yon manda reprezantasyon oswa yon fòm Deziyasyon Reprezantan Otorize nan dosye Marketplace ou anvan jou Odyans ou. Ou kapab telechaje yon fòm Deziyasyon Reprezantan Otorize [la a](#). Marketplace tou ka gen yon moun ki ranplase yo nan apèl la.
- Ou ka voye dokiman yo ba Marketplace oswa ou ka fè moun ki nan apèl k ap sipòte dosye ou (temwen yo) fè sa. Marketplace ka fè menm bagay la.
- Ofisye Odyans lan ka poze ranplasan Marketplace kesyon oswa oumenm oswa ranplasan ou yo.
- Ranplasan Marketplace ka poze oumenm oswa ranplasan ou yo ak temwen ou yo kesyon, epi oumenm oswa ranplasan ou ka poze li kesyon.
- Ou ka mande pou jwenn yon moun ki pale lang ou pito, epi Marketplace ap bay moun sa a pou ou. Pou evite reta nan Odyans lan, ou ta dwe fè demann sa a anpil jou anvan dat Odyans lan.
- Si ou vle soumèt lòt prèv anvan odyans lan, si ou pa kapab patisipe nan odyans lan nan jou oswa lèt ki fikse a, oswa si ou gen lòt kesyon oswa enkyetid sou odyans lan, ou ta dwe kontakte Sant Sèvis Kliyantèl (Customer Service Center) la; gade paj 2 pou jwenn enfòmasyon pou pran kontak.
- Ou ka anile kontestasyon ou oswa Odyans ou nenpòt lè pou nenpòt rezon, tankou si nou jwenn yon akò ansanm sou dezakò nou anvan Odyans lan.
- Si ou mande yon Odyans men nou pwograme Odyans lan pou yon lè oswa jou ou pa kapab reponn yon koutfil, kontakte sèvis kliyantèl la san pèdi tan epi mande pou yo mete odyans ou pou yon lòt lè.
- Si ou te rate odyans lan, n ap anile kontestasyon ou. Si ou bay Marketplace yon rezon valab ki fè ou te anile odyans lan, alekri, nan 30 jou apre dat ki endike nan Avi pou Fè ou Konnen Anilasyon an, Marketplace ka chwazi yon lòt dat pou Odyans lan.
- Ofisye Odyans lan dwe fè yon anrejistreman tout sa ki di nan Odyans lan. Ou gen pèmasyon pou revize tout anrejistreman Odyans lan ansanm ak dokiman toulède moun ki konsène yo te soumèt, pou anrejistre li epi pou fè transkripsyon li.

## Otorizasyon legal ki Gen pou Wè ak Odyans nan Marketplace Endividyèl

|   |  |
|---|--|
| <p>Kòd Règleman Federal (Code of Federal Regulations, CFR), Tit 45, Pati 155, Sou-Pati D</p>          | <p><b>Fonksyon Echanj nan Mache Endividyèl:</b><br/>         Detèminasyon Kalifikasyon pou Patisipasyon nan Echanj ak Pwogram Aksesibilite nan Asirans</p> |
| <p>CFR, Tit 45, Pati 155, Sou-Pati F</p>  | <p>Kontestasyon Detèminasyon Kalifikasyon pou Patisipasyon nan Echanj ak Pwogram Aksesibilite nan Asirans</p>  |
| <p>CFR, Tit 45, Pati 155, Sou-pati G</p>  | <p><b>Fonksyon Echanj nan Mache Endividyèl:</b><br/>         Detèminasyon Kalifikasyon pou Egzanpsyon</p>  |
| <p>CFR, Tit 42, Pati 431, Sou-pati E</p>  | <p>Odyans San Patipri pou Aplikan ak Benefisyè yo</p>  |
| <p>Kòd Règ ak Règleman New York (New York Code of Rules and Regulations, NYCRR), Tit 18, Pati 358</p> | <p>Odyans San Patipri</p>  |